

D+S  
M  
**Jézu - Sajès**  
Cf. Mc 5, 24-43 (13è d. o. B)

NF p. 332

Paroles et musique : 19 janvier 1996  
Recouvrement de Jésus au Temple

**R. Granmèt, voyé jé-ou, gadé mouin**

**Géri maladi mouin yo ;**

**Granmèt, voyé jé-ou, gadé mouin,**

**Sové-m nan péché mouin yo.**

- |   |  |
|---|--|
| 1. Tout moun ap fonsé pou yo bouskilé-ou,<br>Y-ap chèché fòs k-ap géri,<br>Mouin minm, sé touché sèlman m-ap touché-ou<br>Pou kò-m kapab révéyé<br>Tanpri fè-m favè, gadé-m ak bon kè<br>Chanjé santiman mouin yo.                            | Mc 3,9 ; 5,31<br>Lc 5,17<br>Mc 3,10 ; 5,27.28.31<br>Lc 7,39 ; Jn 20,17<br>Lc 22,61 |
| 2. Dépi byin lontan m-ap trinnin ak mal,<br>Tankou san m-ap gaspiyé.<br>Mouin viré tounin adouat, ni agòch<br>San-m pa kap jouinn gérizon,<br>Kité-m touché fil nan manch rad ou-a<br>Pou-m kap vi-n inganb ankò.                             | Mc 5,25-34   |
| 3. Lafoua, léspérans ak lacharité<br>Pi fò pasé tout péché-m,<br>Ban-m fòs pou-m proché, pou-m kriyé nan pié-ou,<br>Pou-m suiyé yo ak chévé-m,<br>Pou-m anbomé pié-ou, pou-m vidé losion,<br>Pou sant péché yo pasé.                          | Lc 7,36-50<br>Jn 12,3  |
| 4. Péché-m nan glasé-m, m-ap chèché chofé,<br>Plis m-ap kaché-l, l-ap parèt ;<br>Tout moun akizé-m, yo tout kondané-m,<br>Mouin sèl mouin kanpé jé chèch,<br>Fè-m antré nan kè-m, pou-m ouè jan-ou rinmin-m,<br>Pou-m kriyé sou tout péché-m. | Lc 22,54-62<br>Ps 32, 3<br>Jn 8, 4<br>Jn 21, 17                                    |
| 5. Péché-a mété-m kouché nan lanmò,<br>Nan kavo-a m-ap chèché-ou.<br>Kité-m touché kò-ou ki lévé vivan,<br>Pou-m kap lévé vivan tou.<br>Pou-m sèvi-ou témouin, kot péché-a gran,<br>Lagras la pi gran toujou.                                 | Jn 20,1-18<br>Jn 20,17<br>2 R 13,21 ; Mc 2,4 ; Lc 7,14<br>Rm 5,20                  |
| 6. Souflé Léspri Sin-an pou-l kap réfè-m,<br>Fè-m palé tout tan avè-ou,<br>Vlopé-m ak silans, ak fènoua nannuit<br>Pou jé-m rét fiksé sou ou,<br>Pou-m chèché konnin ki sa-ou vlé pou-m fè,<br>Pou-m fè-l san-m pa pèdi tan.                  | Jn 20,22-23<br>Lc 10,39-42<br>Ex 33,22 ; 1 R 19,12-13<br>Ps 123,1                  |